



Haitian Creole Edition
Grade 3 Mathematics Test, Book 2
March 3–7, 2008

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Egzamen Matematik
Liv 2

Ane **3**

3–7 mas 2008

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si ou montre travay ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

26

Yon sal sinema genyen 450 plas. Pandan yon film, te genyen moun ki te chita nan 283 plas nan plas yo. Konbyen plas vid ki te genyen pandan film lan?

Montre travay ou.

Repons _____ plas

Kontinye

Pati A

Megan te trase fòm ki endike anba a.

Trase yon gwo X sou rektang ki kote trapèz la.

**Pati B**

Tout kare yo genyen 4 kote ak 4 ang. Sou liy ki anba yo, ekri **yon lòt** fason pou tout kare yo sanble.

Kontinye

28

Yon mize genyen yon total 900 postè pou distribye bay moun k ap vizite mize a. Chak moun resevwa yon postè. Nan vandredi, 185 adilt ak 135 timoun te resevwa postè. Konbyen postè mize a genyen ki rete?

Montre travay ou.




Repons _____ postè


Kontinye

29

Jou lendi yo, yon kamyon retire fatra nan bwat poubèl ki nan twa ri. Piktogram ki anba a montre kantite poubèl vid ki nan chak ri.

BWAT POUBÈL KI VID

Ri	Kantite Bwat Poubèl
Main Street	
Oak Street	
Perry Street	

LEJANN
 = 5 bwat poubèl

Konbyen bwat poubèl **anplis** kamyon an te retire nan Main Street pase nan Perry Street?

Montre travay ou.

Repons _____ bwat poubèl

Kontinye

Nan lekòl la, Eric ak Julia te kreye kèk modèl.

Pati A

Eric ekri modèl nimerik ki anba a.


10, 17, 24, 31, 38, ?

Ki pwochen nonb ki nan modèl la?

Repons _____

Pati B

Julia te trase modèl ki anba a.



Sou liy yo ki anba a, trase pwochen de figi yo pou kontinye modèl Julia a.

Sou liy yo ki anba a, eksplike kouman ou decide ki de figi pou trase pou kontinye modèl Julia a.

Kontinye

31

George fè koleksyon tenm ki sot nan senk peyi. Tablo ki anba a montre kantite tenm li kolekte nan kat nan peyi yo.

TENM GEORGE YO

Peyi	Kantite Tenm
Kanada	20
Lafrans	5
Japon	10
Meksik	15
Lachin	?

Kontinye

Pati A

Konplete piktogram ki anba a pou montre kantite tenm George te kolekte nan chak peyi. Asire ou sèvi ak lejann yo bay la.

TENM GEORGE YO

Peyi	Kantite Tenm
Kanada	
Lafrans	
Japon	
Meksik	
Lachin	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>

LEJANN
<input type="checkbox"/> = 5 tenm

Pati B

Dapre piktogram lan, konbyen tenm George te kolekte nan peyi Lachin?

Repons _____ tenm

Place Student Label Here



Ane 3
Egzamen Matematik
Liv 2
3–7 mas 2008

Grade 3
Mathematics Test
Book 2
March 3–7, 2008

The McGraw-Hill Companies
